



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**JOU TAKS LAN, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON PWOJÈ LWA POU PWOTEJE KONTRIBYAB NEW YORK YO KONT OGMANTASYON ENPO FEDERAL**

***Bidjè yo Adopte an Enkli Sistèm Taks sou Salè Opsyonèl, Nouvo Fon pou Don Charitab, ak Lejislasyon pou Dekouple Soti nan Kòd Taks Federal la - Rezime an Disponib [Isit la](#)***

***Yon Repons Kowòdone Ofri Altènativ kont Gwo Atak Gouvènman Federal la; Limit SALT yo Koute Kontribyab New York yo 14.3 milya Dola***

Jodi an, Gouvènè Andrew M. Cuomo te rann omaj a Jou Taks la avèk siyati yon pwojè lwa pou pwoteje moun New York kont ogmantasyon taks akòz refòm fiskal gouvènman federal la. Chanjman sa yo, nan kòd fiskal eta a, pral ede prezève konpetitivite ekonomik New York epi pwoteje dediksyon fiskal onivo leta e onivo lokal - yon prensip debaz lwa fiskal la, ki fè pati taks federal sou revni modèn nan depi lè yo te kreye li. Lejislasyon an bay nouvo opsyon pou dediksyon taks pou don charitab, kreye yon nouvo pwogram Depans pou Konpansasyon Anplwayè (Employer Compensation Expense Program, ECEP) pou anplwayè yo ka ede anplwaye yo maksimize dediktibilite, epi dezasye kòd fiskal eta a avèk kòd fiskal federal la, lè sa nesèsè, pou evite ogmantasyon taks onivo leta senpleman poutèt gen yon ogmantasyon onivo taks federal yo.

“New York p ap kwaze bral l pandan gouvènman federal la ap vize kè ekonomik kominote nou yo epi pran lajan nan men fanm ak gason k ap travay di nan eta sa a pou benefisye moun rich ak gwo konpayi peyi an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa a garanti pwoteksyon tout moun New York kont atak vize Washington yo, epi n ap kontinye mennen batay sa a epi fè tout sa nou kapab pou pwoteje dwa ak bous fanmi toupatou nan New York.”

**Direktè Bidjè Eta a Robert F. Mujica, Jr. te deklare,** “Refòm sa yo nan Kòd Fiskal Eta nou an se rezilta kolaborasyon ant ajans leta yo, k ap travay avèk anpil pwofesyonèl, biznis ak ekspè nan zafè taks. Gras a lidèchip Gouvènè an, lejislasyon sa a pral pwoteje kontribyab New York yo, Bidjè Eta nou an, ak kapasite pou nou rete konpetitif sou plan ekonomik”.

**George Latimer, Egzekitif Konte Westchester, di konsa,** “Nan Konte Westchester, pifò rezidan peye plis pase 10,000 dola chak ane nan zafè taks. Taks sa yo se pou lekòl, pou gouvènman lokal, ak gouvènman leta. Dènye bidjè federal la te vòlè lajan Westchester - e te menase mòd de vi rezidan nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè

Cuomo pou plan kreyatif sa a pou ede kontribyab konte yo, ak Lejislatè yo poutèt yo rekonèt kijan pwoblèm sa a enpòtan. Nou soutni li, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou aplike li”.

**Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties), te deklare,** “Jodi a se jou taks, e yon fwa ankò moun New York pral voye plizyè milya dola bay Washington, e montan sa a pi wo pase sa eta a pral jwenn sou sòm finansman federal. Antanke eta souverèn, li enpòtan anpil pou nou fè tout sa nou kapab pou pwoteje revni kontribyab yo, e nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak lejislatè eta yo poutèt yo mete lejislasyon sou pye pou fè sa”.

**Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare,** “NYCOM apresye anpil lidèchip aktif Gouvènè Cuomo, ki ofri yon opsyon pou diminye malè yo fè kominote New York ak rezidan yo, apre yo met limit sou dediksyon fiskal onivo leta e onivo lokal. Gouvènè an ak Lejislati Eta a ap travay men nan lamen avèk NYCOM ak lòt gwoup, pou adopte opsyon vyab pou moun New York evite ogmantasyon fiskal, bès valè kay yo, ak rediksyon onivo sèvis minisipal esansyèl yo. N ap kontan travay avèk Administrasyon an pou byen aplike pwogram sa a”.

Lejislasyon yo siyen jodi a adopte yon seri refòm nan kòd fiskal Eta New York la, ki fèt pou pwoteje rezidan New York yo kont enpak negatif nouvo Lwa sou Dediksyon Fiskal ak Travay (Tax Cuts and Jobs Act) gouvènman federal la pase. Chanjman sa yo fèt apre yon [rapò](#) ki soti nan men Depatman Kontribisyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) nan mwa Janvye 2018 ki esplike plizyè mezi pou eta a pran an konsiderasyon pou bese enpak negatif sa yo. Apre plis etid ak konsiltasyon apwofondi ki te fèt ak espesyalis ki soti nan gouvènman eta ak lokal yo, milye inivèsité yo, avèk sektè prive a, yo te jwenn ke refòm yo pwopoze yo ap dèzopsyon vyab pou pwoteje moun New York, e yo te enkli yo nan Bidjè Egzekitif la e, anfenkont, lejislati an te pase yo. Espesyalman, Bidjè Ane Fiskal 2019 la suiv etap sa yo:

- **Pwomouvwa Kontribisyon Charitab pou Benefisyè Moun New York yo:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kreye yon nouvo Fon Kontribisyon Charitab (Charitable Contribution Funds) ke eta a ap opere pou yo aksepte don pou rezon ki konsène amelyorasyon swen sante ak edikasyon piblik nan Eta New York. Kontribiyab ki detaye dediksyon yo ka reklame kontribisyon charitab sa yo kòm dediksyon nan deklasyon fiskal Federal ak Eta yo. Nenpòt kontribiyab ki ap fè yon don kapab reklame tou yon kredi fiskal Eta ki egal a 85 pousan nan kantite don pou ane fiskal lan apre ke yo fè don an. Kontribyab yo kapab fè kontribisyon kalifye tou bay senten òganizasyon ki pa pou pwofi pou rezon ki espesifye.
- **Yo Otorize Gouvènman Lokal pou Etabli Fon Charitab onivo Lokal:** Bidjè Ane Fiskal 2019 la otorize gouvènman lokal yo pou etabli fon pou don charite epi pou ofri kredi fiskal sou pwopriyete reyèl pou ankouraje moun bay kontribisyon pou nouvo fon charitab lokal sa yo. Dapre lalwa, fon sa yo ka resevwa kontribisyon charite san restriksyon pou pran ka edikasyon, swen sante, ak lòt rezon charitab. Sa se yon pwogram ochwa ki disponib pou konte, vil, vilaj ak distri lekòl. Gouvènman lokal yo ak distri lekòl yo ka etabli tou fon charite ak lòt kredi fiskal sou pwopriyete reyèl pou ankouraje kontribisyon nan

nouvo fon charitab lokal yo. Lajan sa yo pral ede sipòte aktivite esansyèl gouvènman an epitou prezève dediksyon fiskal ki alabaz sistèm fiskal nou an.

- **Kreye Pwogram Depans pou Konpansasyon Anplwayè Altènatif:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan kreye nouvo fason pou anplwayè yo ede anplwaye yo ak bòdwo taks federal yo. Byenke refòm taks federal yo te elimine dediktibilite taks Eta ak lokal yo konplètman pou moun yo endividyèlman, yo te epanye biznis yo de limitasyon sa yo. Nan kad pwogram sa a, anplwayè yo pral kapab patisipe nan yon nouvo estrikti Pwogram Depans pou Konpansasyon Anplwayè. Anplwayè ki chwazi patisipe yo pral sijè a peye yon enpo 5 pousan sou tout depans salè anyèl ki plis pase 40,000 dola pa anplwaye; sa ap konplètman antre an vigè sou yon peryòd twa ane kòmanse apati dat 1 Janvyè 2019. Sistèm taks sou revni pèsònèl pwogresif la ap rete an plas, epi nouvo kredi taks konrespondan an valè ki nan ECEP a pral redui taks sou revni pèsònèl sou salè a epi asire kontribyab Eta a yo ki peye ECEP yo pap santi yon rediksyon nan salè nèt yo. Pwogram lan fèt pou li pa pote revni bay eta a. Anplwayè yo pa ta dwe afekte negativman, men yo bay anplwaye yo opòtinite pou diminye taks federal yo.
- **Dezasosye soti nan Kòd Fiskal Federal la:** Kòd taks eta a aliye depre ak kòd taks Federal la. Lejislasyon sa ap dekouple kòd taks eta a soti nan kòd taks federal la, kote sa nesèsè, pou evite plis pase 1.5 milya dola nan ogmantasyon taks Eta a sèlman apati ogmantasyon sou taks Federal yo.

Nouvèl lwa federal la ap gen efè nan yon fason dispwopòsyone sou Eta New York, ki deja ap voye 48 milya dola an plis chak ane bay Washington pase lajan federal li resevwa. Selon yon rapò resan ki te pibliye pa Depatman Enpo ak Finans nan Eta a, eliminasyon dediktibilite total SALT yo sèlman sa pral koute New York yon 14.3 milya dola adisyonèl.

Chanjman sa yo nan kòd fiskal eta a se yon pati nan jefò a plizyè volè Gouvènè Cuomo af fè pou lite kont atak fiskal federal la. Ansanm avèk Gouvènè New Jersey ak Connecticut, Gouvènè Cuomo te anonse yon kowalisyon pou yo mennen gouvènman federal la devan lajistis Dispozisyon sa ap antisipe efektivman kapasite eta genyen pou gouvènè lè yo redwi kapasite pou yo pran swen pwòp sitwayen yo, epi li vize New York ak eta ki sitiye yon fason similè yo nan yon fason enjis, ki se yon vyolasyon Konstitisyon an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)